## АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

## 9 КЛАСС

**1.** Пычыгъуэ *йэ* къэтпсэлъу, хьэрф *е* щатх псалъэхэр къэвгъуэти, щIэфтхъэ
*Дуней, епэр, чей, махуае, тире, елэн, тыкуэнтет, тебэ.*

**2.** Псалъэ лъабжьэм префикс пыувэныгъэкIэ къэхъуауэ, щапхъищ тхын:

а) епэр, махуае, елэн
б)______________________
в)______________________

**3.** Антоним, синоним зэхуэхъу псалъэхэр мы адыгэ псалъэжьым къыщокIуэ:

а) «Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ»;
б) «Насыпыншэм, махъшэ тесми, хьэ къодзакъэ»;
в) «Ин жыIэ цIыкIу Iуатэщ»;
г) «Пэжыр хущхъуэщ, пцIыр щхъухьщ».

**4.** НэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэхэр щIэтхъэн:

*Лъагъуныгъэ нэсым, пэжыгъэкIэ псыхьам зыри пэлъэщынукъым, жьыбгъэми, уэшхми, уэсми, зэманми яхуэмыпхъэх къуршу, сыт хуэдэ гуауэми бэлыхьми ар пэщIэтыфынущ.*

**5.** Псалъэухам хэт псалъэ къэс зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр гуэтхэн:

*Уэсэпсыр* (имэ) *жэщкIэ* (нареч) *уэру* (нареч) *къехыу* (деепр) *хуежьащи*, (глагол) *иджы* (нареч) *нартыхум* (имэ) *псынщIэу* (нареч) *зреч* (глаг).

**6.** Адыгэбзэ наречиехэм наречие къатокI

а) союз-суффикс *-и*-кIэ;
б) суффикс *-у* /*-уэ*-кIэ;
в) суффикс *-дэ*-кIэ;
г) суффикс *-рэ*-кIэ.

**7.** Мы псалъэухам хэт псалъэхэр зэкIэлъызыхь союзкIэ зэпхакъым:

а) Къуршхэри, мэзхэри, тафэхэри – псори нэщхъейхэт;
б) А жэщым щIылъэмрэ уафэмрэ щIэращIагъэкIэ зэхьэзэхуэ хуэдэт;
в) Е еша, е мыузыншэ – хъуауэ пфIощIыр щхьэх;
г) «Си адэм Хьэжым и шы IумпIэр иубыдащ икIи къригъэпсыхащ.

**8.** Пкъыгъуэ нэхъыщхьитIри зиIэ псалъэухам лъабжьэ хуохъу:

а) подлежащэмрэ сказуемэмрэ;
б) прямой дополненэмрэ сказуемэмрэ;
в) определенэмрэ сказуемэмрэ;
г) обстоятельствэхэмрэ сказуемэмрэ.

**9.** Мы псалъэухам подлежащэ хэткъым:

а) Мусэ Мурат дежкIэ хуэму маплъэ;
б) Сэри сыджалъэу сетIысэхащ;
в) ГъуэгунапщIэм тет зы Iуащхьэ цIыкIу гуэрым сыдэкIуеящ;
г) Губгъуэм щыпсэу псэущхьэхэм я макъхэр дэнэкIи къыщыIурт.

10. *Лабэрэ Псыжьрэ я тIуащIэм, гъуэгур зэхуэдитI щыхъум деж, къуэшхуэ гуэр щызэпрыдзащ.* Псалъэухам хэт «тIуащIэ» псалъэм и купщIэр гъэбелджылын______________________________, «Псыжь» урысыбзэкIэ зэреджэр тхын__________. – 0 –

11. Псалъэухам нэгъыщэхэр хэгъэувэжын: *Удзхэм пщIанэхэм мазэ лъандэрэ къемышха уэшхым зыхуагъэгусэ щIыкIэу сабэм иуа я тхьэмпэ лалэхэр щIым траубгъуэрт.* –

12. Адыгэ джэгуакIуэхэм щыщу, узыщыгъуэзэхэм я цIэ-унэцIэ тхын:

а)______________________

б)______________________

в)______________________ 0 –

г)______________________

д)______________________

13. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэси-115-рэ ирикъуащ

а) КIыщокъуэ Алим;

б) ЩоджэнцIыкIу Iэдэм;

в) ЩоджэнцIыкIу Алий;

г) ЩоджэнцIыкIу Нурий.

14. *Жынгызмэ и нып фIыцIэжьыр*
*Адыгэм жьауэ хуэхъункъым,*
*Темыр лъашэ къригъэпс дыгъэкIи*
*Iуащхьэмахуэ уэсыр текIынкъым .*
Мы псалъэхэр зытхар______________________. – 0

15. *Уэрэд щевгъэускIэ*
*Нэсу пкъырывгъэпль:*
*Пшыналъэр бгъунлъэм,*
*Лъэпкъыр мэукIытэ* – псалъэхэр зейр Пагуэ Бэчмырзэ. 6б

16. Лироэпическэ жанрым и лIэужьыгъуэу, къызэраIуэтэж сюжет зиIэ усыгъэ IэдакъэщIэкI иным поэмэ йоджэ (терминыр дэтхэжын) + 6б

6б